



26 septanm 2024

Chè fanmi,

Avantou, mwen vle remèsye w dèske w fè Lekòl Leta Vil Nouyòk konfyans pou timoun ou yo. Mwen ekri w pou m pataje nouvèl apre prèske 40 ane kote m ap sèvi timoun ak fanmi vil sa a, mwen pran desizyon pou m pran retrèt mwen nan fen ane kalandriye sa a.

Depi nan kòmansman, antan ajan sekirite lekòl rive nan tan mwen kòm pwofesè, asistan direktè, direktè, fondatè rezo Eagle Academy, epi finalman, kòm Chanselye, mwen travay san pran souf pou bay timoun vil nou yo eksperyans edikasyon yo merite a—soti nan bon baz pou aprann li rive nan opòtinite orijinal pou aprantisaj ki konekte avèk karyè.

Mwenmenm, mwen se yon pwodui Lekòl Leta Vil Nouyòk, epi mwen kwè anpil nan enpak transfòmasyon yon edikasyon piblik ekselan. Menmsi m ap pran retrèt mwen, mwen konnen travay ekstraòdinè nou kòmanse a pral kontinye, epi w ap wè enpak li pandan anpil ane.

Mwen te antre nan wòl sa a depi prèske twazan avèk kat poto kòm gid: reimajine eksperyans elèv la; ofri opòtinite egal, soutni ak restore sa ki mache; bay byennèt ak lyen li yo nan siksè elèv priyorite; epi angaje fanmi ak kominote kòm vrè patnè. Mwen fyè pou m di nou fè anpil pwogrè nan tout domèn sa yo. Nou lanse NYC Reads ak NYC Solves, mete chemen tou nèf ak enteresan pou kolèj ak karyè, kreye Divizyon aprantisaj pou enklizyon ak aksesiblite, akeyi plis pase 45,000 nouvo Nouyòkè, ogmante sipò sante mantal pou elèv, envesti \$1.5 milya nan kominote lekòl nou yo, epi pi plis ankò. Pandan tout bagay sa yo, nou te kenbe elèv, fanmi ak kominote yo kòm fokis.

Mwen vle felisite Chanselye Adjwen Melissa Aviles-Ramos, ki pral pran chaj la kòm Chanselye apati mwa janvye. Melissa se yon paran Lekòl Leta Vil Nouyòk, yon Nouyòkè pou tout lavi, epi sa ki pi enpòtan an, yon chanpyon pou elèv ak kominote lekòl nou yo. Mwen gen tout konfyans Melissa se moun ideyal la pou travay sa a, epi mwen kwè anba lidèchip li, tout bon bagay nou deja wè yo pou Lekòl Leta Vil Nouyòk, se poko anyen sa.

Se te yon onè pou tout lavi m pou m te mete kondisyon pou bon demaraj pou yon avni asire pou timoun vil nou an. Mwen te santi m beni chak jou pou m travay avèk ekip fòmidaab sa a—140,000 moun ki gen fòs—nan non timoun ak fanmi ki pi fòmidaab yo. Mwen pral rete yon defansè ak sipòtè devwe, epi mwen remèsye oumenm.— fanmi, lidè paran, ak manm kominote nou yo—pou patenarya ak devouman nou.

Plane wo,

David C. Banks